

# Vaksen Kont Polyo

## Ki Sa Ou Bezwen Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib nan lang Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

1

### Poukisa pou mwen pran vaksen?

Vaksinasyon ka pwoteje moun ki gen **polyo**. Se yon viris ki lakòz maladi polyo. Li transmèt sitou bay moun ki pran kontak ak yon lòt moun. Li kapab simaye tou nan konsomasyon manje oswa bwason ki kontamine ak pou pou yon moun ki enfekte.

Pifò moun ki enfekte avèk polyo pa gen okenn sentòm, epi anpil ladan yo refè san konplikasyon. Men pafwa moun ki gen polyo yo devlope paralizi (yo pa kapab deplase bra yo oswa janm yo). Polyo ka lakòz yon moun gen andikap pèmanan. Polyo kapab tou lakòz lanmò, anjeneral lè li paralize misk ki itilize pou respirasyon yo.

Polyo te jeneralman komen anpil nan peyi Etazini. Li te paralize ak li te touye plizyè milye moun chak ane anvan entwodiksyon vaksen kont polyo nan ane 1955. Pa gen okenn gerizon pou enfeksyon polyo, men moun kapab anpeche lè yo pran vaksen.

Polyo elimine nèt nan Etazini. Men, li toujou rive nan lòt kote nan mond lan. Li ta sèlman pran yon moun ki enfekte avèk polyo ki soti nan yon lòt peyi pou pote maladi a retounen isit la si nou pa t pwoteje avèk vaksen. Si efò pou elimine maladi a nan lemond gen siksè, yon jou nou p ap bezwen vaksen kont polyo. Jiska kounye a, nou bezwen kontinye vaksinen timoun nou yo.

2

### Vaksen kont Polyo

Inactivated Polio Vaccine (**IPV**) (Vaksen kont Polyo ki pa Aktif) kapab anpeche moun gen polyo.

#### Timoun

Pifò moun ta dwe pran IPV lè yo te timoun. Yo jeneralman bay dòz IPV yo nan 2, 4, 6 a 18 mwa, epi 4 a 6 zan.

Orè an kapab diferan pou kèk timoun (ki gen ladan moun ki vwayaje nan kèk peyi ak moun k ap resevwa IPV kòm yon pati nan yon vaksen ki konbine). Founisè swen sante w la kapab ba ou plis enfòmasyon.

#### Adilt

Pifò adilt pa bezwen IPV paske yo te deja pran vaksen kont polyo tankou lè yo te timoun. Men kèk adilt pi ka gen plis risk epitou ki ta dwe anvizaje pran vaksen kont polyo, ki enkli:

- moun ki vwayaje nan kèk pati nan mond lan,
- travayè laboratwa ki ta ka manyen viris polyo, epi
- travayè swen sante k ap trete pasyan ki kapab gen polyo.

Adilt sa yo ki nan risk ki elve yo ka bezwen pran 1 a 3 dòz IPV, tou depann de kantite dòz yo te abitye pran anvan nan pase yo.

Yo pa rekonèt ke wap pran okenn risk si w resevwa IPV nan menm tan ak lòt vaksen yo.

3

### Kèk moun pa ta dwe pran vaksen sa a

Fè moun nan k ap bay vaksen an konnen:

- **Si moun nan k ap resevwa vaksen an gen yon alèji ki grav, kap menase lavi l.**  
Si ou te janm gen yon reyaksyon alèjik ki te menase lavi w apre ou te pran yon dòz vaksen IPV a, oswa si ou fè yon alèji grav ak nenpòt pati vaksen sa a, ou pa ta dwe pran vaksen an. Si ou vle enfòmasyon sou eleman ki konpoze vaksen an, mande doktè w lan.
- **Si moun nan k ap resevwa vaksen an pa santi li byen.**  
Si w genyen yon maladi modere, tankou yon grip, ou ka petèt pran vaksen an jodi a. Moun ki malad nan fason modere oswa grav, ta dwe petèt rete tann jiskaske yo refè. Doktè w kapab ba ou konsèy.

4

### Risk pou gen reyaksyon nan yon vaksen

Avèk nenpòt medikaman, enkli vaksen gen yon chans pou pasyan an gen efè segondè. Sa yo jeneralman pasaje epi yo disparèt poukont yo, men reyaksyon grav ka posib tou.

Kèk moun ki pran IPV gen yon kote ki fè yo mal nan kote yo te pran vaksen an. Yo pa konnen IPV kòm yon vaksen ki ka lakòz pwoblèm grav, epi pifò moun pa gen okenn pwoblèm avèk vaksen an.

## Lòt Pwoblèm ki ta kapab rive aprè vaksen sa a:

- Pafwa moun yo pèdi konesans aprè yon pwosedi medikal, ikonpri aprè yon vaksen. Chita oswa kouche pandan apeprè 15 minit sa kapab ede ou pou pa ni endispoze ni blese lè ou tonbe. Fè doktè ou konnen si ou santi vètij, oswa si w gen vizyon ou ki chanje oswa si w tande boudonman nan zòrèy ou.
- Gen kèk moun ki gen yon doulè nan zepòl ki kapab pi grav ak dire pi lontan ke pase jan doulè fè mal regilyèman an sa ki ta kapab swiv ak yon enjeksyon. Sa pa rive souvan.
- Nenpòt medikaman ka koze yon reyaksyon alèji grav. Kalite reyaksyon konsa apre yon vaksen ra anpil, yo estime a mwens pase 1 ka sou yon (1) milyon dòz, epi sa ta rive kèk minit oswa kèk èdtan apre moun nan fin pran vaksen an.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon ti chans pou yon vaksen koze yon chòk grav oswa lanmò.

Yo toujou kontwòle sekirite vaksen yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb: [www.cdc.gov/vaccinesafety/](http://www.cdc.gov/vaccinesafety/)

5

## Kisa kap pase si gen yon pwoblèm grav?

### Kisa mwen ta dwe chèche?

- Chèche nenpòt bagay ki konsène ou, tankou siy yon reyaksyon alèjik grav, lafyèv ki wò anpil, oswa chanjman nan konpòtman.

Siy yon **reyaksyon alèjik grav** kapab gen ladan itikè, figi anfle ak gòj anfle, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij ak feblès. Siy sa yo ta kòmanse nan kèk minit pou rive nan kèk èdtan aprè ou pran vaksen an.

### Kisa mwen ta dwe fè?

- Si ou panse se yon **reyaksyon alèjik ki grav** oswa si ou panse se yon lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa mennen moun lan nan lopital ki pi pre a. Otreman, rele klinik ou an.

Apre sa, ou ta dwe rapòte reyaksyon nan Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS) (Rapòte Reyaksyon Negatif Vaksen an). Doktè ou ta ka fè rapò sa a, oswa ou kapab fè li poukont ou sou sitwèb VAERS nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov), oswa ou kapab rele nan **1-800-822-7967**.

*VAERS pa bay konsèy medikal.*

6

## Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Blesi nan Vaksen

National Vaccine Injury Compensation Program (VICP) (Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Blesi nan Vaksen) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te ka blese akòz sèten vaksen.

Moun ki kwè yo te ka blese nan pran yon vaksen kapab chèche enfòmasyon sou pwogram nan ak sou fason pou yo fè yon reklamasyon. Pou fè sa, yo ka rele nan **1-800-338-2382** oswa yo ka ale sou sitwèb VICP nan [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation). Gen yon delè limit pou prezante yon reklamasyon pou konpansasyon.

7

## Kijan mwen kapab aprann plis enfòmasyon?

- Mande doktè ou. Li ka ba ou yon pake vaksen oswa sijere lòt sous enfòmasyon.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la.
- Pran kontak ak Centers for Disease Control and Prevention (CDC) (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo):
  - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Ale sou sitwèb CDC a ki nan [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines)

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè you rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremman an.

## Vaccine Information Statement Polio Vaccine

7/20/2016

Haitian

Office Use Only



42 U.S.C. § 300aa-26

DCH-0470HC

AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.

Translation provided by the Immunization Action Coalition